



## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 KACINDEKAN**

Sacara umum ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho kaweruh masarakat Kampung Jémo Désa Nagrak Buahdua Kabupaten Sumedang ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina komunikasi sapopoé.

Dumasar kana pedaran nu geus ditepikeun dina bab saméméhna, bisa dicindekkeun: (a) masarakat Kampung Jémo masih maké basa Sunda anu mikanyaho tatakrama basana. Maranéhna boga pangaweruh kana tatakrama basa Sunda, lantaran ébréh waktu diwawancara. Maranéhna maké tatakrama basa Sunda luyu jeung aturan makéna, lolobana (31,4%) ngajawab apal kana tatakrama basa Sunda; (b) kontéks makéna tatakrama basa Sunda téh dina situasi rinéh jeung formal. Lamun ditanya ku basa Sunda, umumna (42,10%); ngajwab ku basa Sunda lemes, terus sésana ngajawab ku basa Sunda kasar (15,8%); jeung ngajawab ku basa campuran (10,5%). Satuluyna jawaban masarakat Kampung Jémo, gumantung kana tatakrama basa Sunda anu dipaké pananyana. Umumna (80%) lamun ditanya ku basa lemes, dijawab ku basa lemes; sabagian leutik (10%) mun ditanya lemes ngajawabna kasar, sarta sesana (10%) mun ditanya lemes ngajawabna campuran maké basa kasar, lemes, atawa basa Indonésia; jeung (c) tahapan kecap nu dipaké ku masarakat Kampung Jémo, leuwih loba maké kecap kasar. Hal ieu luyu jeung hasil rekaman sadaprékan nu geus dipaluruh nyaéta kecap kasar nu kapanggih aya (41,1%), basa lemes (33,9%), basa sedeng (21,3%).

Cindekna tina éta data nu geus dipaluruh, ébréh yén tahapan kecap nu kapanggih atawa dipaké ku masarakat Kampung Jémo, umumna dina makéna loba ngagunakeun tahapan kecap basa kasar.

## 5.2 SARAN

Tatakrama basa Sunda masih kénéh jadi hiji hal nu hésé , naja keur urang Sunda éta sorangan. Lobana ragam nu jadi rereged kana makéna basa Sunda, hal ieu di ungarakeun ku budak leutik nu aya di Kampung Jémo, manéhna méré alesan naha teu ngagunakeun basa Sunda, sarta leuwih maké basa séjén, luyu jeung kalimah nu diungkarakeun, kieu: “Basa Indonesia. Da *seuseurna* sok *hilap*. Seueur tuda basa sundana, jadi sok *ngagunakeun* basa Indonesia nu *babari*.” (RW 14/J7/7-8)

Lian ti éta salasahiji masarakat ogé ngungkarakeun maksud nu sarua, tapi dina kalimah nu béda, contona: “Pédah ema mah *kirang apal*, da gening basa Sunda téh *sesah* upami anu teu tiasa *ngaranjing-ranjingna* mah. Da *seueur* anu *lepat* gening *kanggo* urang, kanggo batur sok *lepat* .....” (RW 01/J3/3-6)

Éta bisa jadi tolak ukur pikeun urang saréréa, kumaha carana sangkan budak nu mangrupa generasi penerus, teu ngarasa hésé dina ngagunakeun basa Sunda. Tugas urang saréréa, pikeun ngawanohkeun deui tatakrama basa Sunda ka barudak. Da dihenteu-henteu gé urang téh urang Sunda, najan saeutik kudu apal kana basa Sunda.

Pikeun masarakat nu dianggap geus kolot, meureun lain hal nu anéh deui kana tatakrama basa Sunda, tapi nalika dina nyarita tatakrama éta teu digunakeun, malah kecap basa kasar nu sering kaluar. Hal ieu gé bisa méré gambaran pikeun urang, naha barudak teu reueus sarta teu bisa ngagunakeun basa Sunda nu bener, sabab kolotna sorangan bisa disebut teu ngalarapkeun kana tatakrama basa Sunda éta, kana omongan sapopoé.

Ku ayana panalungtikan ngeunaan tatakrama basa Sunda di masarakat Kampung Jémo, katitén masih dipaké kénéh tatakrama basa Sundana atawa henteu, sarta pangaweruh masarakat Sunda kana ngagunakeun basa Sunda nu bener. Panalungtik boga saran, ngeunaan makéna basa Sunda digolongan masarakat hususna barudak leutik, ulah éra ngagunakeun basa Sunda, sarta ulah dilobakeun teuing makéna basa Indonésia. Lain ulah maké basa Indonésia, da éta mangrupa basa nasional, urang kudu apal

kana basa Indonésia, ngan ulan dileungitkeun basa Sunda nu jadi cicirén sarta budaya urang Sunda. Mudah-mudahan ogé, aya nu leuwih lega ambahanna, sangkan bisa katingali di masarakat Sunda séjén kumaha makéna tatakrama basa.

Panalungtik sadar yén ieu hasil jauh tina sampurna, alatan kurangna pangabisa jeung kanyaho panulis kana tatakrama basa Sunda. Mudah-mudahan waé, ku ayana ieu hasil, bisa méré gambaran sarta mangpaat pikeun salaréa.